

# Mande'm de Mikwoskòp & Agrandisman!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram manyèl sou mikwoskòp ak agrandisman.

Mande'm pou mwen di'w ki bèl bagay mwen obsève lè mwen gade nan yon loup. Mwen kapab di'w jan mwen sèvi ak dlo antan ke yon loup e nou kapab eksploré ansanm lè nou eseye menen aktividé ak dlo tankou yon loup.

Mwen te vrèman amizwe'm pou'm sèvi ak mikwoskòp 30x ke ou kapab kenbe. Mande'm pou'm pale'w de objè ke nou te cheke nan klas lan tankou kapèt, sifas yon tab, cheve'm ak po'm.

## Loup Dlo

Premye zouti agrandisman yo te fè te fèt ak loup dlo. Eseye fè pwòp lou dlo'w.

### Kisa ke ou bezwen:

- Yon ti oubyen gwo bwat yogout plastik
- roulo plastik
- sizo
- dlo
- elastik ki laj

### Kisa pou fè:

1. Mande yon granmoun pou koupe anba bwat yogout la, pou kita yon ouvèti 3 pou.
2. Koupe yon moso nan roulo plastik lan e mete li sou bouch bwat yogout la. Sekirize li ak yon elastik.
3. Pouse tèt elastik lan desann pou kapab fè li fon.
4. Mete yon ti dlo nan fon an.
5. Plase yon objè anba kontenè an e gade a travè dlo an nan objè an. Kisa ke ou konstate?
6. Kisa ki pase lè ou chanje kantite dlo ke w'ap gade a travè li?

Eksperimente ak plis loup dlo. Ou kapab eseye sèvi ak diferan gwo sè kontenè. Eske si ou genyen longè ki pi long oubyen pi kout afekte agrandisman nan loup dlo an? A kisa ke yon objè sanble lè ou gade a travè dlo an? Eseye kenbe yon loup sou tèt yon lòt e varye distans ant yo de an pandan ke w'ap gade a travè de loup yo a la fwa. Kisa ke ou konstate?

